



Pou Piblikasyon Imedya: 27/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN INISYATIV PILÒT CONNECTALL KI KOUTE 10 MILYON DOLA POU POTE AKSÈ AK ENTÈNÈT WO DEBI ABÒDAB NAN KOMINOTE RIRAL YO**

*Otorite Enèji New York la pral pwofite enfrastrikti kominikasyon ki egziste deja pou deplwaman wo debi nan Vilaj Sherburne, Konte Chenango*

*Gen twa lòt vil yo vize pou Inisyativ Pilòt ConnectALL la: Nichols nan Konte Tioga, Vil Diana nan Konte Lewis, ak Vil Pitcairn nan Konte St. Lawrence*

*Inisyativ Pilòt la fè pati Inisyativ ConnectALL Gouvènè a ki gen plis pase 1 milya dola — Pi gwo investisman ki te janm fèt nan enfrastrikti dijital 21èm syèk New York la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman yon pwojè modèl ConnectALL pou kat konte pou pote aksè ak entènèt wo debi abòdab pou plis Nouyòkè k ap viv nan zòn rural yo. Vilaj Sherburne nan Konte Chenango, Vil Nichols nan Konte Tioga, Vil Diana nan Konte Lewis, ak Vil Pitcairn nan Konte St. Lawrence se premye minisipalite ki benefisye premye deplwaman sa a, atravè [inisyativ ConnectALL 1 milya dola](#) Gouvènè a. Pi gwo investisman ki te janm fèt nan enfrastrikti dijital 21èm syèk New York la, ConnectALL vize pou transfòme enfrastrikti dijital New York la epi elaji aksè ak abòdabilite ak ekite ak wo debi, nan tout eta a lè l sèvi avèk plis pase 1 milya dola nan investisman piblik ak prive. Reprezantan Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ak Empire State Development, ansanm ak Majistra Sherburne, William Acee, ansanm ak lòt kolaboratè yo, te reyini jodi a pou lanse fòmèlman pwojè modèl la nan Vilaj Sherburne.

"De ane ki sot pase yo te raple Nouyòkè yo ki jan wo debi ki fyab ak abòdab enpòtan anpil, pou nou ka rete konekte ak fanmi, travay, lekòl ak sèvis swen sante, paske anpil moun te oblije travay ak patisipe nan lekòl a distans, epi gwo twou vid nan peyizaj dijital New York la te ekspoze", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Aksè ak entènèt wo debi enpòtan anpil nan lavi chak jou plis chalè, dlo ak elektrisite, epi ConnectALL vize pou kreye yon nouvo peyizaj dijital pou New York lè li konstwi koneksyon wo debi ki an sekirite ak abòdab nan chak kwen eta a. Investisman nan enfrastrikti piblik vital sa a non sèlman pral ranfòse pwogrè investisman inisyaj Eta nou an, li pral ranfòse kwasans ekonomik ak inovasyon lokal alontèm."

Nouvo pwogram ConnectALL New York la ap envesti 10 milyon dola pou vize zòn kote fib eta posede ki deja egziste yo kapab kreye yon pon fib ant gwo sant done (premye km) ak kay endividyèl (dènye km), sitou nan zòn riral ki pa gen sèvis wo debi founisè prive yo. Nan travay ak patnè kominotè san bi likratif ak gouvènman Eta New York, ki gen ladan ESD, Otorite Devlopman nan North Country ak Southern Tier Network, NYPA pral jere deplwaman wodebi inisyal la nan kat konte seleksyone sa yo lè yo pwofite rezo eta ki deja egziste yo pou konekte fib sou "km santral yo" nan plis pase 2,000 kay ak biznis.

Inisyativ ConnectALL nan tout eta a gen ladan pwogram sibvansyon pou bay finansman minisipalite lokal yo ak lòt antite pou planifye, fè konsepsyon, ak konstwi enfrastrikti wo debi aksesib, yon pwogram deplwaman riral pou pwolonje rezo wo debi pou kay ak biznis ki pa jwenn sèvis ak sa yo ki manke jwenn sèvis, yon pwogram ekite dijital pou asire aksè ekita nan wo debi nan tout eta a, ak lòt pwogram inovan.

Nan Vilaj Sherburne, NYPA pral travay avèk Sherburne Electric, yon kliyan elektrisite minisipal NYPA, pou sèvi ak fib kab sistèm transmisyon NYPA ki egziste deja a pou 'km santral', epi ede vilaj la e ak minisipalite a nan konsepsyon, enjenyeri ak konstriksyon rezo fib nan 1,800 kay ak biznis yo nan vilaj la. Yo prevwa pou pwojè a fini nan fen ane a. Yon fwa li fini, koneksyon wo debi a pral jere pa yon founisè sèvis entènèt twazyèm pati nan yon pri nominal.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Koneksyon Entènèt wo debi pèmèt Nouyòkè yo gen aksè ekita ak enfòmasyon ansanm ak machandiz ak sèvis yo. Sèvi ak rezo transmisyon Otorite Enèji a pou ede konekte plis Nouyòkè ak wo debi se yon estrateji gányan nan tout eta a ki pèmèt nou maksimize itilizasyon ekipman nou yo, pataje ekspètiz teknik nou yo ak ranfòse relasyon kliyan nou yo tout pou benefisye plis Nouyòkè yo, espesyalman moun k ap viv ak moun k ap travay nan kèk nan zòn ki pi lwen nan gwo eta nou an."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Asire ke chak Nouyòkè gen aksè a wo debi ki abòdab ak fyab esansyèl epi li pral mande solisyon inovan, ki dirije pa kominote a. Nouvo pilòt sa a nan inisyativ ConnectALL Gouvènè Hochul la vrèman revolisyonè, li pwofite enfrastrikti dijital Eta a ki deja egziste nan nouvo fason pou dirèkteman benefisye Nouyòkè yo. Yo ta dwe felisite Vilaj Sherburne ak lòt minisipalite k ap patisipe nan pilòt sa a pou lidèchip yo nan agrandi aksè ak wo debi ki abòdab pou tout rezidan yo ka patisipe ak pwospere nan sosyete ki konekte nou an."

**Senatè Eta, Peter Oberacker, te deklare,** "Wo debi ki gen gwo vitès ki fyab, abòdab, ak aksesib enpòtan anpil pou devlopman ekonomik, sèvis ijans, edikasyon, ak kalite lavi. Anilasyon taks sou fib optik nan bidjè eta a epi avanse kounye a ak inisyativ ConnectALL la pral konekte plis moun sou entènèt epi ede fèmen divizyon dijital la."

**Manm Asanble John Lemondes te deklare,** "Travay pou elaji wo debi a entans epi li

konsome resous, se poutèt sa li trè rasiran pou wè inisyativ tankou ConnectALL mete plis presyon pou ekspansyon nan tout zòn yo nan New York. Wo debi vin esansyèl nan lavi chak jou a, epi tout Nouyòkè jwi avantaj li yo. Ak pwogram tankou sa yo, nou gen yon bon kòmansman pou pote wo debi fyab atravè tout New York."

**Majistra Village Sherburne lan, William Acee, te deklare,** "Se yon jou makan pou kliyan Sherburne Electric yo. Posibilite pou tout rezidan ak biznis Sherburne yo gen aksè ak entènèt wo debi disponib ekivalan ak arive ray tren nan epòk modèn lan. Nouvo aksè ak entènèt wo debi abòdab pral senbolikman elaji limit kominote nou an, epi ede etabli koneksyon ki pi pwofon ant Sherburne, ak rès mond lan. Mwen rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul, Eta New York ak Otorite Enèji a paske yo travay pou fè pwojè sa a vin yon reyalyte."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral South Tier Network la, Steve Manning, te deklare,** "ConnectALL ak Otorite Enèji Eta New York te kreye yon vizyon pou kreye solisyon fib efikas, ki konsantre sou minisipalite yo alontèm nan kay, ki pral abòde bezwen wo debi nan kay Eta a ki pa jwenn ase sèvis ak sa yo ki pa jwenn sèvi pou ane k ap vini yo. Plan kowòdone sa a alinye yon fason èstratejik òganizasyon telekominikasyon fib optik san bi likratif, ki konsantre sou minisipalite tankou Southern Tier Network, Development Authority nan North Country, ak Sherburn Electric Coop avèk NYPA ak biwo ConnectALL Eta New York la pou pwofite kreyativman byen kolektif yo ak resous yo pou enfrastruktirasyon wo debi iltra rapid pou sèvi rezidan sa yo ki te bezwen dezespereman yon sèvis entènèt bon jan kalite, ki fyab, ak abòdab pandan plizyè ane. Eta New York se youn nan premye ajans gouvènman ke mwen konnen nan peyi a ki gen kouraj pou planifye pou pote sèvis wo debi konpetitif sou mache ki kontwole pa yon sèl Founisè Sèvis pou bi likratif."

**Direktè Egzekitif Development Authority of the North Country a, Carl E. Farone, Jr., te deklare,** "Patenarya estratejik sa a ant Devlopman Ekonomik pou North Country ak Otorite Enèji New York la se yon etap pozitif nan agrandi wo debi nan North Country. Ede pote wo debi nan kote ki pa gen ase sèvis yo nan zòn sèvis nou an se te yon priyorite Otorite Devlopman an e pwojè pilòt sa a nan konte St. Lawrence ak Lewis pral ede nou avanse pou n atenn alafwa objektif nou ak objektif inisyativ ConnectALL Gouvènè Hochul la."

Pou plis enfòmasyon sou ConnectALL, vizite: <https://broadband.ny.gov/>

### **Enfòmasyon sou NYPA**

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite [www.nypa.gov](http://www.nypa.gov) ak swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

## **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York ([www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov)). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, vizite [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418